

THE COLLEGE BOARD

SAT Test Directions Translated into Haitian Creole for Students

Spring 2017 School Day Only

Notes to the Supervisor: This document should be printed and distributed once students are seated.

Students may use this document to read translations of the directions that are read aloud or printed in their test book.

Students may keep this document open and on their desk during the entire testing period.

Students may **not** be given additional time, unless approved by College Board as a separate accommodation.

Collect this document from each student at the end of testing and destroy it.

Sa Ki Anndan

Nòt Pou Elèv la.....	3
Enstriksyon Pou Sipèvizè a li.....	3
Direksyon Nan Kouvèti Devan Liv la.....	5
Direksyon Nan Kouvèti Dèyè Liv la.....	6
Seksyon 1: Tès Lekti.....	9
Direksyon Pou Seksyon 1 Liv Tès la.....	9
Seksyon 2: Tès Redaksyon ak Langaj.....	10
Direksyon Pou Seksyon 2 Liv Tès la.....	10
Seksyon 3: Tès Matematik - San Kalkilatri.....	10
Direksyon Pou Seksyon 3 Liv Tès la.....	11
Seksyon 4: Tès Matematik - Ak Kalkilatri.....	13
Direksyon Pou Seksyon 4 Liv Tès la.....	14
Seksyon 5: Redaksyon SAT.....	16
Direksyon Nan Kouvèti Dèyè Liv la.....	16
Direksyon Nan Kouvèti Devan Liv la.....	17
Apres Tès la.....	18

Nòt Pou Elèv la

- Anba la a se yon tradiksyon direksyon sipèvizè ou pral li awotvwa ak direksyon ekri w ap jwenn nan liv tè s ou a tou. Tradiksyon sa yo gendwa pa koresponn mo pou mo ak sa sipèvizè ou li yo; men enfòmasyon enpòtan yo rete menm nan. Si ou gen kesyon sou sa sipèvizè ou ap li a, tanpri leve men ou.
- Ou kapab kite dokiman sa a sou biwo ou tout tan w ap pran tè s la. Men fòk ou remèt sipèvizè a li lè ou fini ak tè s la.
- PIGA ou itilize dokiman sa a pou papye bouyon.
- Detanzantan, sipèvizè ou pral anonse kantite tan ki rete nan seksyon an, ak lè pou poz kan sa apwopriye. Si w ap pran tè s la ak yon akomodasyon ki apwouve, lè yo anonse tan ou rete ak lè poz yo ka diferan nan dokiman tradwi sa a. Tanpri pran san ou pou w tandè anons sipèvizè ou a ap li yo.
- Si w ap pran tè s la ak yon akomodasyon ki apwouve, sipèvizè ou kapab ba ou plis direksyon an angle.
- Nan kèk ka, eta oswa distri ou kapab genyen enstriksyon oswa règ espesyal ki gen rapò ak biyè admisyon an. Tanpri koute, epi swiv enstriksyon sipèvizè ou ba ou sou fason pou ou ranpli chan pou mete nimewo enskripsyon an sou feyè repons ou a.
- Nou itilize yon seri ikòn nan tout dokiman sa a pou tire atansyon ou sou kèk enfòmasyon espesifik:



Enfòmasyon enpòtan



Direksyon sipèvizè ou ap ba ou pa bouch



Direksyon w ap jwenn sou liv tè s ou a

Enstriksyon Pou Sipèvizè a li

Après sipèvizè ou pral di:

- Bonjour. Jodiya ou pral pran tè s SAT a. Sa a se yo bèl okazyon pou montre nan ki pwèn ou prepare pou kolèj ak karyè ou. Si ou gen kesyon sou nenpòt nan enstriksyon mwen ba ou yo, tanpri poze yo, konsa w ap ka bay pi bon travay posib. Tanpri gade nan Biyè Admisyon ou a kounye a. Leve men ou si biyè ou a gen mo “Roster” oswa lèt “N A R” yo sou tè t la.

Si lekòl ou ap pran tè s SAT a ak Redaksyon, sipèvizè ou ap di:

- Nan sal sa a ou gen pou pran tè s SAT a ak Redaksyon.

Si lekòl ou ap pran tè s SAT a (san Redaksyon an), sipèvizè ou ap di:

- Nan sal sa a ou gen pou pran tè s SAT a; ou p ap fè Redaksyon tè s SAT a.

Après sipèvizè ou ap kontinye ak enstriksyon sa yo:

- College Board (Konsèy Administrasyon Kolèj la an kreyòl) gen règ yo te kreye yon fason pou bay nou chak menm opòtinite a pou montre kapasite nou. N ap voye nenpòt moun lakay li epi anile nòt li yo si li eseye fè nenpòt nan bagay sa yo pou jwenn plis avantaj sou lòt elèv yo :

- Bay oswa resevwa nenpòt kalite èd
- Gade nan liv tè s la avan tè s la kòmanse
- Travay sou yon seksyon li pa sipoze, oswa gade yon seksyon dèyè oswa devan nan liv tè s la, oswa feyè repons la

- Itilize yon kalkilatri pandan l ap travay nan yon seksyon yo sipoze fè san kalkilatri
- Make repons apre yo di fin yon seksyon nan tès la fini
- Pataje kesyon tès la ak nenpòt moun pandan tès la oswa apre tès la
- Itilize nenpòt bagay nou entèdi pou ede li ak tès la, tankou telefòn, pandan tès la oswa poz
- Eseye pran tès la pou yon lòt moun

Epi yo kapab ranvwaye ou tou si ou:

- Manje, bwè, oswa fimen nan sal w ap pran tès la
- Fè nenpòt ki kalite tapaj
- Pa respekte pwosedi tès la
- Ale nan kazye ou oswa kite bilding nan lè ou nan poz

W ap gen jiska 11:59 p.m nan twazyèm jou travay, kòmanse jou tès la, pou depoze yon plent pou yon bagay ki te pase jou tès la. Si ou wè nenpòt konpòtman ki ba ou pwoblèm, tanpri di sipèvizè sant tès la sa. L ap eksplike ou kijan pou ou kontakte College Board a. Èske nou gen kesyon?

Tanpri pran san ou pou ou koute enfòmasyon sa yo sou telefòn ak lòt ekipman elektwonik. Piga nou janm itilize telefòn oswa lòt aparèy elektwonik ki entèdi yo nan sant tès la. Kounye a la, si ou toujou gen yon telefòn, mont entelijan (smartwatch an angle), alam mont, òdinatè alamen, oswa nenpòt lòt aparèy elektwonik nan men ou, ou bezwen etenn li nèt epi mete li anba biwo ou jiskaske tès la fini. Si telefòn oswa lòt aparèy entèdi ou a fè nenpòt bri oswa yo wè w ap itilize li nenpòt moman, menm si ou nan poz, y ap ranvwaye ou epi anile rezilta ou yo. Anplis, nou kapab sezi nenpòt aparèy elektwonik ou pa etenn ak mete akote epi enspekte sa ki anndan li nan yon envestigasyon byen detaye.

Kounye a la nou pral prepare pou kòmanse tès la.


- Retire tout sa ki sou biwo ou, sof pou Biyè Admisyon, kreyon, gòm, ak kalkilatri ki otorize.
- Retire tout bouchon zòrèy, paske ou pa ka mete yo pandan tès la; souliyè; règ; diksyonè oswa lòt liv; plim oswa kreyon koulè; depliyàn; ak nenpòt kalite papye, ak papye bouyon ladan — tout bagay sa yo entèdi.
- Si ou te pote yon dezyèm kalkilatri oswa pil rezèv, soti bagay sa yo epi mete yo atè a anba biwo ou.
- Mete nenpòt boutèy dlo anba biwo ou. Fèmen tout sak ak sak-a-do epi mete yo anba biwo ou jiskaske tès la fini.

Kounye a mwen pral pran yon moman pou fè yon gade ak asire w ap itilize yon kalkilatri ki apwouve.

Piga ou janm pataje oswa boukante kalkilatri ak pèsòn. Mete kalkilatri ou ak pil rezèv ou yo anba biwo ou kounye a. Se jis nan yon seksyon ki vini apre w ap bezwen yo. Mwen pral bay nou chak materyèl tès yo kounye a. Piga nou louvri yo.

Lè ou resewva liv tès la, vire li epi li do liv la. Li gen enfòmasyon enpòtan sou tan, jan pou make repons yo, ak rezilta. Lè ou fin li, tanpri leve tèt ou.

Direksyon Nan Kouvèti Devan Liv la

 *Sa a se yon tradiksyon kouvèti devan liv tè s ou a.*


RAPÈL ENPÒTAN

1. Ou bezwen itilize yon kreyon No. 2 pou tè s la.
Pa itilize kreyon ak min oswa plim.
2. Si ou ta pataje nenpòt kesyon ak nenpòt ki moun, ou vyole prensip Sekirite ak Onètete a epi nou kapab anile rezilta ou yo.

PIGA OU SOTI NAN SAL LA AK LIV TÈ S LA. NOU ENTÈDI
YO REPWODWI OSWA ITILIZE NENPÒT PATI NAN LIV TÈ S LA SAN OTORIZASYON.

© 2016 The College Board. College Board, SAT, ak logo a se mak depoze College Board.

Direksyon Nan Kouvèti Dèyè Liv la

 Sa a se yon tradiksyon kouvèti dèyè liv tè s ou a. Lè yo mande ou ekri, ou dwe ekri sou liv tè s la ak fèy repons la. Piga ou ekri nan tiliv tradiksyon sa a.

NON OU (EKRI AK LÈT YO DEKOLE)

	SIYATI	PRENON	DEZYÈM NON
SANT TÈS	NIMEWO	NON SANT TÈS LA	NIMEWO SAL LA

TÈS SAT A

ENSTRIKSYON JENERAL

- Se nan yon sèl seksyon ou kapab travay alafwa.
- Si ou fini ak yon seksyon avan yo di lè a fini, verifye travay ou nan seksyon sa a. Ou PA kapab vire paj la sou okenn lòt seksyon.

FASON POU MAKE REPONS OU

- Pa bliye make repons ou byen sou fèy la.

BON FASON POU MAKE



MOVE FASON POU MAKE



- Ou sipoze itilize yon kreyon No. 2.
- Fè atansyon pou ou make yon sèl repons pou chak kesyon.
- Se pou ou plen tout sèk la an twa san ou pa kite okenn plas vid.
- Piga ou fè okenn lòt mak sou fèy repons ou a.
- Si ou efase yon bagay, efase li nèt. Si ou pa fin efase yon bagay, yo kapab make li kòm yon repons ou chwazi.
- Itilize sèlman espas pou repons ki koresponn ak nimewo kesyon an.

FASON POU ITILIZE LIV TÈS OU A

- Ou kapab itilize liv tè s la pou fè bouyon, men yo p ap ba ou kredi pou okenn bagay ou ekri nan liv tè s ou a.
- Apre yo di lè a fini, ou p ap kapab transfere repons ki nan liv tè s la pou mete nan fèy repons la oswa ranpli sèk yo.
- Piga ou pliye oswa retire paj oswa pati nan yon paj nan liv tè s la, oswa retire liv la oswa fèy repons la nan sal tè s la.

FASON YO MAKE PWEN OU

- Pou chak repons ki kòrèk, w ap resevwa yon pwen.
- Ou p ap pèdi pwen pou repons ki pa kòrèk; se sa ki fè, ou dwe eseye reponn chak kesyon menm si ou pa fin sèten si repons la kòrèk.

ENPÒTAN

Gade kòd yo ki nan liv tè s ou a, kòd sa yo se sèlman pou liv tè s ou a yo ye. Kopye yo sou fèy repons ou a nan bwat 8 ak 9 epi ranpli sèk ki koresponn yo egzaktman jan ou wè yo nan liv tè s ou a.


9	ID TÈS LA				

8	KÒD FÒM NAN					
A	A	A	A	0	0	0
B	B	B	B	1	1	1
C	C	C	C	2	2	2
D	D	D	D	3	3	3
E	E	E	E	4	4	4
F	F	F	F	5	5	5
G	G	G	G	6	6	6
H	H	H	H	7	7	7
I	I	I	I	8	8	8
J	J	J	J	9	9	9
K	K	K	K			
L	L	L	L			
M	M	M	M			
N	N	N	N			
O	O	O	O			
P	P	P	P			
Q	Q	Q	Q			
R	R	R	R			
S	S	S	S			
T	T	T	T			
U	U	U	U			
V	V	V	V			
W	W	W	W			
X	X	X	X			
Y	Y	Y	Y			
Z	Z	Z	Z			

Kèk nan lide yo ki nan pasaj pou tè s a swa soti nan materyèl ki pibliye oswa yo adapte nan yo, epi yo pa nesesèman reprezante opinyon Komite Kolèj la.

PIGA OU LOUVRI LIV TÈS LA AVAN SIPÈVIZÈ A DI OU LOUVRI LI.

Sipèvizè ou pral kontinye ak direksyon sa yo:

 Èske ou gen nenpòt kesyon sou enfòmasyon ou sot li yo?

Li enpòtan pou ou konprann fason ou sipoze make repons ou yo. Amwenske yo te ba ou pèmasyon pou fè sa, ou pa gen dwa make repons ou yo nan liv tè ou a — se sèlman repons ki make sou feyè repons la n ap bay nèt. Tanpri pran san ou pou koute enstriksyon sa yo, paske yo enpòtan anpil pou ou resewa nèt pou tè ou a. Si ou pa swiv direksyon mwen yo egzakteman jan mwen di a, ou kapab pa resewa yon nèt.

Pa bliye itilize yon kreyon Nimewo 2 epi ranpli sèk sou feyè repons ou a byen fons epi ranpli li nèt. Si ou chanje repons ou, efase li nèt nan mezi li posib. Evite fè mak sou feyè la, epi pa itilize feyè repons ou a pou bouyon. Li enpòtan anpil pou ou swiv enstriksyon sa yo lè w ap ranpli feyè repons la.

Si w ap itilize yon gran feyè repons, li enstriksyon yo ki devan feyè repons la tou pou konnen ki kote ak kijan pou w make repons ou yo. W ap make yon 'X' nan bwat ki apwopriye a tan pou w ranpli sèk, epi nimewo paj yo ap diferan ak sa mwen anonse yo.

Sou kouvèti dèyè liv tè ou a, ekri siyati ou, prenon ou, ak dezyèm prenon ou, si ou gen youn. Apresa ekri nimewo sant tè sa a, non sant tè sa a, ak nimewo (oswa non) sal sa a.

Kounye a gade devan feyè repons ou a (oswa paj 2 feyè repons gwo blòk ou a). Ou pral mete enfòmasyon pèsònèl ou sou paj sa a. Asire ou enfòmasyon pèsònèl ou yo koresponn ak sa ki sou Biyè Admisyon ou a. Nenpòt kote ou wè yon sèk oswa bwat ki mande yon enfòmasyon, mete sa ki koresponn ak sa ki nan biyè ou a.

Nan pati 1:

- Enprime siyati, prenon, ak dezyèm prenon ou, si ou gen youn, egzakteman jan yo parèt sou Biyè Admisyon ou an.
- Li deklarasyon sou liy ki vini apre a, epi siyen non konplè ou. Leve tèt ou lè ou fini.
- Dat jodiya se _____. Ekri chif yo ki reprezante mwa, jou, ak ane pou dat jodiya.
- Apresa, ekri adrès kay ou.
- Ekri nimewo telefòn ou, ak areya kòd ou ladan.
- Ekri vil ak eta sant tè sa a. Leve tèt ou lè ou fini.

Nan kesyon 2: Ekri premye sis lèt siyati (oswa non fanmi) ou, premye kat lèt prenon (oswa premye non) ou, ak dezyèm non ou, si ou gen youn. Mete tout espas vid, tirè, oswa apostwòf si yo fè pati non ou. Ou dwe ekri non ou egzakteman nan lòd ak fason li ekri sou Biyè Admisyon ou a. Ranpli sèk ki koresponn yo.

Nan kesyon 3: Ranpli sèk la pou mwa ou te fèt la (oswa sou gran feyè repons yo, mete de chif pou mwa a). Apresa, ekri de chif pou jou ak ane ou te fèt la. Kòmanse ak yon zewo si li pi piti pase 10 (pa egzanp, pou nimewo 3, ekri 0 epi apre mete 3). Ranpli sèk yo. Leve tèt ou lè ou fini.

Nan kesyon 4: Ekri nimewo enskripsyon ou epi ranpli sèk yo. Kopye nimewo enskripsyon ki make sou Biyè Admisyon ou a. Asire w ou bay enfòmasyon sa a byen epi konplè.

Nan kesyon 5: Ekri Kòd Postal Etazini pou adrès kay ou epi ranpli sèk ki koresponn nan.

Nan pati 6: Ekri nimewo sant tès sa a jan li afiche a epi ranpli sèk yo. Leve tèt ou lè ou fini.

Kounye a retire Biyè Admisyon an sou biwo ou. Toujou kenbe biyè ou ak ou pandan tès la, sitou lè ou ale nan poz.

Nan kesyon 7: Ale sou paj kouvèti liv tès ou a. Chèche kote anwo nan kwen sou lamèn dwat ki rele "Test Book Serial Number" (Nimewo Seri Liv Tès la) epi mete nimewo ki make a sou kesyon 7 nan fèy repons ou a. Ranpli sèk yo.

Nan kesyon 8: Ale sou do liv tès ou a. Chèche bwat ki rele "8. Form Code" (8. Kòd Fòm) epi mete nimewo a sou kesyon 8 nan fèy repons ou a. Ranpli sèk la egzakteman jan yo montre a.

Nan kesyon 9: Kopye nimewo ki sou bwat ki rele '9. Test ID' (9. ID Tès.) egzakteman jan yo montre li a...Leve tèt ou lè ou fini.

Pran yon ti moman pou asire w ou ranpli kesyon 8 ak 9 kòrèkteman sou fèy repons ou a. Li vrèman enpòtan pou ou mete bon kòd yo sou fèy repons ou a. Si ou pa fè sa, ou kapab pa resevwa okenn pwèn.

Kounye a koute enfòmasyon enpòtan sa a. Si ou vle anile rezilta ou avan ou pati, mande mwen yon fòm Request to Cancel Test Scores (Demann Pou Anile Rezilta Tès), epi w ap bezwen ranpli li avan ou kite sal la. Pou anile rezilta ou yo pita, w ap bezwen ekri College Board a pou di yo sa avan 11:59 nan twazyèm jou travay kòmanse jou tès la. Voye demann pou anile ou siyen an pa lapòs pou livre demen oswa pa faks. Ou pa kapab anile rezilta ou yo ak yon mesaj imèl oswa yon kout fil.


Nou vle fè ou konnen, n ap toujou voye nòt ki te anile yo bay eta ak distri ou, epi lekòl ou ap gen aksè nan yo. Men, College Board pa pral voye yo bay inivèsite oswa òganizasyon bous ou te chwazi yo. Epi, kou yo anile, nou p ap ka retabli nòt ou yo pou pataje yo ak okenn inivèsite. Si ou ranpli fòm sa a epi ou soumèt li, nou p ap ka pataje nòt SAT ou yo ak inivèsite oswa òganizasyon bous yo; men eta, distri, ak lekòl ou ap toujou resevwa yo paske sa fè pati tès yo esponsò sa a.

Si ou fini avan yo di lè a fini, PIGA OU vire paj la sou okenn lòt seksyon. Pandan tès la, kenbe fèy repons ou a ak liv tès ou a chita plat nan mitan biwo ou. Si ou jwenn yon pwoblèm ak swa liv tès la oswa fèy repons la, oswa si ou rann kont ou t ap ekri repons ou nan move seksyon an, leve men ou. Se sèlman pou repons ou te make sou fèy repons ou a y ap ba ou kredi. Sa a se pou nou tout amwenske youn nan nou gen pèmisyon nan men Komite Kolèj la pou make repons yo yon lòt fason. Ou pa gen dwa itilize fèy repons ou a kòm bouyon.


M ap pase nan sal la pou tcheke kijan w ap degaje w. Epi tou m ap respekte kantite tan ofisyèl pou pran tès la. W ap gen poz pandan tès la, ki se lè w ap kapab kite sal sa a pou manje oswa ale nan twalèt.

Piga ou janm retire fèy repons oswa liv tès yo nan sal tès la. Sonje, apre tès la fini, okenn moun pa gen dwa kite sal la jiskaskè mwen di nou mèt soti. Si ou gen kesyon sou pwosedi tès la, tanpri poze yo kounye a. Mwen pa kapab reponn kesyon pandan tan ki pou chak seksyon tès la.


Seksyon 1: Tès Lekti

 *Tan nòmal pou Seksyon 1 pran se **65 minit**, ak yon **poz 10 minit** nan fen seksyon an. Si w ap pran tès la ak yon akomodasyon ki apwouve, kantite tan pou tès ak poz ou yo kapab diferan. Tanpri pran san ou pou w tande anons sipèvizè ou a ap li yo.*

Sipèvizè ou pral li direksyon sa yo pou Seksyon 1, Tès Lekti:

 Piga ou kòmanse travay avan mwen di pou ou fè sa. Si ou fini avan mwen di seksyon sa a fini, PIGA ou ale sou okenn lòt seksyon. Ale sou Seksyon 1 nan feyè repons ou a. Mete feyè repons ou a, liv tès la ak tradiksyon direksyon pou tès yo (si ou genyen) chita plat sou biwo ou. Ou pa gen dwa itilize yon kalkilatri nan seksyon sa a. Tanpri kite kalkilatri ou anba biwo ou. Kounye a, louvri liv tès ou a nan Seksyon 1, li direksyon yo, epi kòmanse travay.

Direksyon Pou Seksyon 1 Liv Tès la

 *Anba la a se yon tradiksyon direksyon yo ki nan kòmansman Seksyon 1 liv tès ou a.*


65 MINIT, 52 KESYON (TAN ESTANDA)

Vire paj la sou Seksyon 1 nan feyè repons ou a pou reponn kesyon yo ki nan seksyon sa a.

ENSTRIKSYON


Chak pasaj oswa pè pasaj pi ba a gen plizyè kesyon ki vini apre li. Apre ou fin li chak pasaj oswa pè, chwazi repons ki pi bon an pou reponn chak kesyon selon sa yo di oswa sijere nan pasaj la oswa pasaj yo epi nan nenpòt grafik ki vini ak yo (tankou tablo oswa graf).

Nan fen seksyon an, sipèvizè ou pral di:

 Sispann travay epi mete kreyon ou sou biwo ou. Nou pral kanpe kounye a pou pran yon poz 10 minit. Fèmen feyè repons ou a epi mete li andedan premye paj liv tès ou a. Fèmen liv tès ou a epi kite li sou biwo ou. Si w ap itilize enstriksyon ki tradwi yo, kite yo sou biwo ou. Si ou te pote yon bagay pou manje, ou kapab manje li sèlman kote yo bay otorizasyon pou manje yo. Piga ou ale okenn lòt kote apa kote yo bay otorizasyon pou ale yo, nan koulwa yo, oswa nan twalèt. Piga ou pale nan koulwa yo oswa diskite kesyon repons yo ak pèsòn. Konsidere lòt moun ki nan lòt sal yo. Piga ou itilize okenn aparèy elektwonik, tankou yon telefòn. Mete tout aparèy yo anba biwo yo kote je p ap ka wè yo. Nou pral kòmanse teste ankò nan egzaktman 10 minit. Retounen a lè. Mwen p ap ka ba ou plis tan si ou retounen anreta. Pran Pyès Idantite ou ak Biyè Admisyon ou si ou kite sal la.


Deklarasyon Sètifikasyon

Sipèvizè ou pral kontinye ak direksyon sa yo:


 Tanpri al chita nan plas ou. Sòti feyè repons ou a, men kite liv tès ou a fèmen. Ale sou do feyè repons ou a, epi chèche Bwat Deklarasyon Sètifikasyon an. Kopye deklarasyon yo mande w la epi itilize non konplè ou pou siyen ak mete dat sou li menm jan ou t ap fè ak yon dokiman ofisyèl. Ou dwe ekri deklarasyon an ak pwòp ekri ou, swa ak lèt yo detache oswa kote, epi sa obligatwa. Nou pa pral itilize kalite ekri ou pou kalkile rezilta ou.

Lè ou remèt feyè repons ou sa vle di ou dakò ak kondisyon sa yo: Ou p ap janm pran okenn kesyon tès nan sal tès la, bay okenn moun yo, oswa diskite yo ak okenn moun nan okenn mwayen, tankou pa imèl, mesaj tèsk oswa nan entènèt ak nenpòt ki lòt mwayen nan okenn sikonstans. Nou te dekri kondisyon sa yo nan *Tiliv Enskripsyon ak Kesyonè* a ak sou sitwèb **sat.org**. Leve tèt ou lè ou fini.


Seksyon 2: Tès Redaksyon ak Langaj

 *Tan nòmal pou Seksyon 2 pran se **35 minit**. Si w ap pran tès la ak yon akomodasyon ki apwouve, kantite tan pou tès ak poz ou yo kapab diferan. Tanpri pran san ou pou w tande anons sipèvizè ou a ap li yo.*

Sipèvizè ou pral li direksyon sa yo pou Seksyon 2, Redaksyon ak Langaj:

 Kounye a ale sou Seksyon 2 nan feyè repons ou a. Piga ou kòmanse travay avan mwen di pou ou fè sa. Mete feyè repons ou a, liv tès la ak tradiksyon direksyon pou tès yo chita plat sou biwo ou. Si ou fini avan mwen di seksyon sa a fini, PIGA ou ale sou okenn lòt seksyon. Ou pa gen dwa itilize yon kalkilatri nan seksyon sa a. Tanpri kite kalkilatri ou anba biwo ou. Asire w ou make repons ou yo kòrèkteman nan espas nimewote yo nan Seksyon 2. Kounye a, louvri liv tès ou a nan Seksyon 2, li direksyon yo, epi kòmanse travay.

Direksyon Pou Seksyon 2 Liv Tès la

 *Anba la a se yon tradiksyon direksyon yo ki nan kòmansman Seksyon 2 liv tès ou a.*

35 MINIT, 44 KESYON (TAN ESTANDA)

Vire paj la sou Seksyon 2 nan feyè repons ou a pou reponn kesyon yo ki nan seksyon sa a.


ENSTRIKSYON

Chak pasaj ki pi ba a gen plizyè kesyon ki vini apre li. Pou kèk kesyon, w ap bezwen konsidere kijan yo te kapab korije pasaj la pou amelyore fason yo eksprime lide yo. Pou lòt kesyon, w ap bezwen konsidere kijan yo te kapab korije pasaj la pou korije fot nan konstriksyon fraz la, fason yo itilize li, ak ponktyasyon. Yon pasaj oswa kesyon kapab genyen yon grafik oswa plis (tankou yon tablo oswa graf) epi w ap bezwen konsidere yo pandan w ap pran desizyon pou korije li.


Kèk kesyon ap dirije ou nan yon pati ki souliye nan pasaj la. Lòt kesyon ap dirije ou yon kote nan pasaj la oswa mande pou ou reflechi sou tout pasaj la nèt.

Apre ou fin li pasaj la, chwazi repons pou chak kesyon ki amelyore kalite yo ekri pasaj la pi byen oswa ki fè pasaj la respekte règ nòm angle ekri. Pou anpil kesyon "NO CHANGE" (OKENN CHANJMAN) se yon opsyon. Chwazi opsyon sa a si ou panse pi bon chwa a se kite pati ki apwopriye nan pasaj la jan i ye a.


Nan fen seksyon an, sipèvizè ou pral di:

 Sispann travay epi mete kreyon ou sou biwo ou. Fèmen liv tès ou a epi kite li sou biwo ou.

Seksyon 3: Tès Matematik - San Kalkilatri

 *Tan nòmal pou Seksyon 3 pran se **25 minit**, ak yon **poz 5 minit** nan fen seksyon an. Si w ap pran tès la ak yon akomodasyon ki apwouve, kantite tan pou tès ak poz ou yo kapab diferan. Tanpri pran san ou pou w tande anons sipèvizè ou a ap li yo.*


Sipèvizè ou pral li direksyon sa yo pou Seksyon 3, Tès Matematik - San Kalkilatri:

 Menm si sa a se yon seksyon matematik, ou PA gen dwa itilize yon kalkilatri nan pati sa a nan tès la. Tanpri kite kalkilatri ou anba biwo ou.

Ale sou Seksyon 3 nan feyè repons ou a. Piga ou kòmanse travay avan mwen di pou ou fè sa. Mete feyè repons ou ak liv tès ou chita plat sou biwo ou. Asire w ou make repons ou yo kòrèkteman nan espas nimewote yo nan Seksyon 3. Pou kesyon yo ki gen kòm tit "Repons Elèv Pwodwi" yo, ki nan fen seksyon sa

a, swiv enstriksyon nou bay nan liv tè ou a sou fason pou make repons ou yo. Repons elèv pwodwi sa yo kapab pi kout, men pa pi long, pase kat (4) chif. Kounye a, louvri liv tè ou a nan Seksyon 3, li direksyon yo, epi kòmanse travay.

Direksyon Pou Seksyon 3 Liv Tès la

 Anba la a se yon tradiksyon direksyon yo ki nan kòmansman Seksyon 3 liv tè ou a.

25 MINIT, 20 KESYON (TAN ESTANDA)

Vire paj la sou Seksyon 3 nan fèy repons ou a pou reponn kesyon yo ki nan seksyon sa a.


ENSTRIKSYON

Pou kesyon 1-15, rezoud chak pwoblèm, chwazi pi bon repons la nan chwa yo ba ou yo, epi ranpli sèk ki koresponn nan fèy repons ou a. **Pou kesyon 16-20**, rezoud pwoblèm nan epi mete repons ou nan griy sou fèy repons la. Tanpri gade enstriksyon yo avan kesyon 16 sou jan pou mete repons ou nan griy la. Ou kapab nenpòt espas ki disponib nan liv tè ou a kòm bouyon.

REMAK


1. Ou **pa gen pèmisyon** pou itilize yon kalkilatris.
2. Tout varyab ak ekspresyon nou itilize yo reprezante nonb reyèl amwenske nou endike yon lòt bagay.
3. Nou desinen desen yo ki nan tè la alechèl amwenske nou endike yon lòt bagay.
4. W ap twouve tout desen sou yon plan amwenske nou endike yon lòt bagay.
5. Amwenske nou endike yon lòt bagay, domèn yon fonksyon f an patikilye se tout nonb reyèl ansanm x kote $f(x)$ se yon nonb reyèl.

REFERANS




$$A = \pi r^2$$


$$C = 2\pi r$$




$$A = \ell w$$





$$A = \frac{1}{2}bh$$




$$c^2 = a^2 + b^2$$




Triyang ak Dwat Espesyal



$$V = \ell wh$$




$$V = \pi r^2 h$$



$$V = \frac{4}{3}\pi r^3$$



$$V = \frac{1}{3}\pi r^2 h$$



$$V = \frac{1}{3}\ell wh$$

Kantite degre yon ak nan yon sèk se 360.

Kantite radyan yon ak nan yon sèk se 2π .


Sòm mezi ang yon triyang an degre se 180.

ENSTRIKSYON

Pou kesyon 16–20, rezoud pwoblèm nan epi mete repons ou nan griy la, jan nou dekri pi ba a, sou fèy repons la.

1. Menm si ou pa oblije, nou sijere ou ekri repons ou nan bwat ki sou tèt kolòn nan pou ede ou ranpli sèk yo byen. W ap resevwa kredi sèlman si ou ranpli sèk yo kòrèkteman.
2. Pa make plis pase yon sèk nan nenpòt kolòn.
3. Pa gen okenn kesyon ki gen yon repons negatif.
4. Kèk repons kapab gen plis pase yon sèl repons ki kòrèk. Nan ka sa yo, chwazi yon sèl repons nan griy la.

5. Pou **chif miks** tankou $3\frac{1}{2}$ w ap bezwen mete yo nan griy la tankou 3.5 oswa $7/2$.

(Si ou mete  nan griy la, n ap

entèprete li kòm $\frac{31}{2}$, pa $3\frac{1}{2}$.)


6. **Repons desimal:** Si ou jwenn yon repons desimal ki gen plis chif pase sa griy la kapab pran, li kapab swa yon chif ki awondi oswa yon chif ki koupe, men li dwe ranpli tout griy la.

Repons : $\frac{7}{12}$ Repons : 2.5


Ekri repons la nan tout bwat yo. →

← Fraksyon ← Pwen desimal


Mete rezilta a nan griy la



Bon fason pou mete $\frac{2}{3}$ nan griy la se



Repons: 201- tou de repons kòrèk



REMAK:
Ou kapab kòmanse repons ou nan nenpòt kolòn, depi gen plas.
Ou dwe kite kolòn ou pa itilize yo vid.

Nan fen seksyon an, sipèvizè ou pral di:

🔊) Sispann travay epi depoze kreyon ou. Mete fèy repons ou a anndan liv tè s la devan liv tè s ou a. Fèmen liv tè s ou epi kite li sou biwo ou. Kounye a nou pral pran yon poz senk minit. Si ou te pote yon bagay pou manje, ou kapab manje li sèlman kote nou chwazi pou sa. Menm jan ak avan, pa ale okenn yo pa te di ou kapab ale, nan koulwa a, oswa nan twalèt. Pa pale nan koulwa a oswa diskite tè s la ak pèsòn. Ou pa kapab itilize okenn aparèy elektwonik, menm yon telefòn. Se pou ou mete tout aparèy kote moun pa ka wè yo anba biwo a. Nou pral rekòmanse tè s la nan egzakteman senk minit. Retounen atan. Mwen pa ka ba ou tan anplis si ou retounen an reta. Ale ak ID ak Biyè Admisyon ou si ou kite sal la.

Seksyon 4: Tès Matematik - Ak Kalkilatis

⚠️) *Tan nòmal pou Seksyon 4 pran se **55 minit**, ak yon **poz 2 minit** nan fen seksyon an. Si w ap pran tè s la ak yon akomodasyon ki apwouve, kantite tan pou tè s ak poz ou yo kapab diferan. Tanpri pran san ou pou w tande anons sipèvizè ou a ap li yo.*

Sipèvizè ou pral li direksyon sa yo pou Seksyon 4, Tès Matematik - Ak Kalkilatis:

🔊) Tanpri al chita nan plas ou. Piga ou louvri liv tè s ou a avan mwen di pou ou fè sa. Pou seksyon sa a, Tès Matematik – Ak Kalkilatis, ou kapab itilize yon kalkilatis. Tanpri soti kalkilatis ou epi mete li nan mitan biwo ou.


Ou kapab reponn tout kesyon matematik yo san yon kalkilatis. Lè w ap itilize yon kalkilatis, ou oblije fè bagay sa yo:

- Kenbe li plat sou biwo ou oswa kenbe li pou lòt moun k ap pran tè s yo pa ka wè travay ou.
- Pa pataje oswa boukante kalkilatis.
- Si ou te pote yon dezyèm kalkilatis, kite li atè a anba biwo ou.
- Si kalkilatis ou pa fonksyone epi ou gen batri oswa yon dezyèm kalkilatis, leve men ou. M ap gade pou wè si dezyèm nan akseptab. Si ou pa gen yon dezyèm, kontinye ak tè s la.

Ale sou Seksyon 4 fèy repons ou a. Piga ou kòmanse travay avan mwen di ou. Asire w ou make repons yo nan bon ran yo. Pou kesyon ki make "Student-Produced Responses" (Repons Elèv Pwodwi), swiv enstriksyon yo ba ou sou jan pou make repons yo nan liv tè s ou a. Repons yo kapab pi kout, men pa pi long, pase kat chif.

Asire w ou make repons ou yo nan bon espas nimewote ki nan Seksyon 4 la. Si ou fini avan yo di lè a fini, PIGA OU vire paj la sou okenn lòt seksyon. Retire feyè repons ou a nan liv tè s la epi ale sou Seksyon 4. Mete feyè repons ou ak liv tè s ou chita plat sou biwo ou. Kounye a, louvri liv tè s ou a nan Seksyon 4, li direksyon yo, epi kòmanse travay.

Direksyon Pou Seksyon 4 Liv Tès la

 Anba la a se yon tradiksyon direksyon yo ki nan kòmansman Seksyon 4 liv tès ou a.

55 MINIT, 38 KESYON (TAN ESTANDA)

Vire paj la sou Seksyon 4 nan fèy repons ou a pou reponn kesyon yo ki nan seksyon sa a.


ENSTRIKSYON

Pou kesyon 1-30, rezoud chak pwoblèm, chwazi pi bon repons la nan chwa yo ba ou yo, epi ranpli sèk ki koresponn nan fèy repons ou a. **Pou kesyon 31-38**, rezoud pwoblèm nan epi mete repons ou nan griy sou fèy repons la. Tanpri gade enstriksyon yo avan kesyon 31 sou jan pou mete repons ou nan griy la. Ou kapab nenpòt espas ki disponib nan tiliv tès ou a kòm bouyon.

REMAK


1. Ou **gen pèmisyon** pou itilize yon kalkilatris.
2. Tout varyab ak ekspresyon nou itilize yo reprezante nonb reyèl amwenske nou endike yon lòt bagay.
3. Nou desinen desen yo ki nan tès la alechèl amwenske nou endike yon lòt bagay.
4. W ap twouve tout desen sou yon plan amwenske nou endike yon lòt bagay.
5. Amwenske nou endike yon lòt bagay, domèn yon fonksyon f an patikilye se tout nonb reyèl ansanm x kote $f(x)$ se yon nonb reyèl.

REFERANS




$$A = \pi r^2$$


$$C = 2\pi r$$




$$A = \ell w$$





$$A = \frac{1}{2}bh$$




$$c^2 = a^2 + b^2$$




Triyang ak Dwat Espesyal



$$V = \ell wh$$




$$V = \pi r^2 h$$



$$V = \frac{4}{3}\pi r^3$$



$$V = \frac{1}{3}\pi r^2 h$$



$$V = \frac{1}{3}\ell wh$$

Kantite degre yon ak nan yon sèk se 360.

Kantite radyan yon ak nan yon sèk se 2π .


Sòm mezi ang yon triyang an degre se 180.

ENSTRIKSYON

Pou kesyon 31 – 38, rezoud pwoblèm nan epi mete repons ou nan griy la, jan nou dekri pi ba a, sou fèy repons la.

1. Menm si ou pa oblije, nou sijere ou ekri repons ou nan bwat ki sou tèt kolòn nan pou ede ou ranpli sèk yo byen. W ap resevwa kredi sèlman si ou ranpli sèk yo kòrèkteman.
2. Pa make plis pase yon sèk nan nenpòt kolòn.
3. Pa gen okenn kesyon ki gen yon repons negatif.
4. Kèk repons kapab gen plis pase yon sèl repons ki kòrèk. Nan ka sa yo, chwazi yon sèl repons nan griy la.

5. Pou **chif miks** tankou $3\frac{1}{2}$ w ap bezwen mete yo nan griy la tankou 3.5 oswa $7/2$.

(Si ou mete  nan griy la, n ap

entèprete li kòm $\frac{31}{2}$, pa $3\frac{1}{2}$.)


6. **Repons desimal:** Si ou jwenn yon repons desimal ki gen plis chif pase sa griy la kapab pran, li kapab swa yon chif ki awondi oswa yon chif ki koupe, men li dwe ranpli tout griy la.

Repons : $\frac{7}{12}$ Repons : 2.5


Ekri repons la nan tout bwat yo. →

← Fraksyon ← Pwen desimal


Mete rezilta a nan griy la



Bon fason pou mete $\frac{2}{3}$ nan griy la se



Repons: 201- tou de repons kòrèk



REMAK:
Ou kapab kòmanse repons ou nan nenpòt kolòn, depi gen plas.
Ou dwe kite kolòn ou pa itilize yo vid.

Nan fen Seksyon 4, sipèvizè ou pral di:

🔊 Sispann travay epi mete kreyon ou sou biwo ou. Fèmen liv tè s ou ak feyè repons ou. Mete feyè repons ou a akote liv tè s ou.

⚠️ Si w ap pran SAT a (san Redaksyon an) ale sou paj ki gen kòm tit “Aprè Tès la” sou paj 18 nan dokiman sa a.

Si w ap pran SAT a ak Redaksyon, sipèvizè ou pral kontinye kote li ap di:

🔊 Mete kalkilatrè ou anba biwo ou. Nou pral kanpe kounye a pou pran yon poz 2 minit pou tire kò nou. Piga ou kite sal la oswa diskite kesyon tè s yo. Piga ou itilize okenn aparèy elektwonik, tankou yon telefòn. Mete tout aparèy yo anba biwo yo kote je p ap ka wè yo.

Nan fen poz la, sipèvizè ou pral di:

🔊 Tanpri al chita nan plas ou. Kounye a mwen pral pase pran liv tè s ou yo. Ou pral bezwen kenbe feyè repons ak direksyon tè s ki tradwi yo (si ou genyen) pou seksyon Redaksyon tè s la. Tanpri rete chita, epi pa pale, pandan m ap pase pran liv tè s yo epi konte yo.

Seksyon 5: Redaksyon SAT

⚠️ Tan nòmal pou Seksyon 5 pran se **50 minit**. Si w ap pran tè s la ak yon akomodasyon ki apwouve, kantite tan pou tè s ak poz ou yo kapab diferan. Tanpri pran san ou pou w tande anons sipèvizè ou a ap li yo.

Sipèvizè ou pral li direksyon sa yo pou Seksyon 5, Redaksyon SAT:

🔊 Kounye a, louvri feyè repons ou a nan paj 6 (oswa paj 14 si ou gen yon feyè repons gwo blòk). Tanpri pran yon moman pou li deklarasyon ki anwo a konsènan fason pou itilize redaksyon ou a, epi deside si w ap make sèk la oswa bwat la ou pa. Lè ou fin li, tanpri leve tèt ou.

Kounye a mwen pral bay nou chak yon liv Redaksyon. Piga ou louvri liv Redaksyon ou a avan mwen di pou ou fè sa. Sou do liv Redaksyon ou a, ekri siyati ou, prenon ou, ak dezyèm prenon ou, si ou gen youn. Apresa ekri nimewo sant tè s sa a, non sant tè s sa a, ak nimewo (oswa non) sal sa a.

Direksyon Nan Kouvèti Dèyè Liv la

📖 Anba la a se yon tradiksyon kouvèti dèyè liv Redaksyon ou a. Lè yo mande ou pou fè sa, ou dwe ekri sou liv Redaksyon ou a oswa feyè repons ou a. Piga ou ekri sou dokiman ak direksyon tradwi yo.


NON OU (EKRI AK LÈT YO DEKOLE)

	SIYATI	PRENON	DEZYÈM NON
SANT TÈS	NIMEWO	NON SANT TÈS LA	NIMEWO SAL LA

Kèk nan lide yo ki nan pasaj pou tè s sa a swa soti nan materyèl ki pibliye oswa yo adapte nan yo, epi yo pa nesesèman reprezante opinyon Komite Kolèj la.


PIGA OU LOUVRI LIV TÈS LA AVAN SIPÈVIZÈ A DI OU LOUVRI LI.

Après sipèvizè ou pral di:

 Ou kapab ekri nòt epi planifye kijan ou pral ekri redaksyon ou a sou Paj Planifikasyon nan feyè repons ou ki pa gen liy nan, men nou p ap bay nòt pou okenn bagay ou ekri la a. Lè ou pare, w ap bezwen kòmanse ekri redaksyon ou a sou paj 7 nan feyè repons la epi kontinye sou paj 8 jiska paj 10 si ou bezwen. Si w ap itilize yon feyè repons gwo blòk, w ap bezwen itilize paj 16 jiska 22 nan feyè repons ou a. Fòk ou ekri tout redaksyon ou a nan paj sa yo epi anndan maj ki make yo. Ou pa ka ekri nan plis paj. Fòk ou ekri redaksyon ou a ak yon kreyon Nimewo 2. Si ou pa itilize yon kreyon, w ap resevwa zewo (0) pwen. Si ou fini avan mwen di seksyon sa a fini, PIGA ou ale sou okenn lòt seksyon. Si ou eseye travay nan yon diferan seksyon nan tès la, mwen pral oblije di sa, epi y ap anile tout nòt ou yo. Si ou kite redaksyon ou an vid, w ap resevwa zewo (0) pwen.

Li direksyon yo ki sou kouvèti liv Redaksyon ou an, après l'ouvri liv la epi kòmanse travay.

Direksyon Nan Kouvèti Devan Liv la

 *Anba la a se yon tradiksyon direksyon ki nan kouvèti devan liv Redaksyon ou a.*

ENSTRIKSYON

Redaksyon sa a ba ou yon okazyon pou montre ki jan ou kapab li ak konprann yon pasaj byen epi ekri yon redaksyon pou analize pasaj la. Nan redaksyon ou a, ou dwe montre ou te li pasaj la byen, fè yon analiz ki klè ak lojik, epi itilize langaj yon fason presi.

Ou dwe ekri redaksyon ou a nan liy nou mete nan tiliv repons ou a; sof pou Paj Planifikasyon ki nan tiliv repons la, ou p ap resevwa okenn lòt paj pou ekri. W ap gen ase espas si ou ekri sou chak liy, gran maj, epi kenbe ekriti ou yon gwosè ki rezonab. Sonje se mon ki pa abitye ak ekriti ou ki pral li sa ou ekri. Eseye ekri yon fason moun sa yo ak kapab li sa ou ekri a.

W ap genyen 50 minit (TAN ESTANDA) pou li pasaj la epi ekri yon redaksyon pou reponn kesyon yo poze ou anndan liv tès la.

PIGA OU SOTI NAN SAL LA AK LIV TÈS LA. NOU ENTÈDI
YO REPWODWI OSWA ITILIZE NENPÒT PATI NAN LIV TÈS LA SAN OTORIZASYON.

© 2016 The College Board. College Board, SAT, ak logo a se mak depoze College Board.

Nan fen Seksyon 5, sipèvizè ou pral di:

 Sispann travay. Depoze kreyon ou. Mete fèy repons ou a sou materyèl tès ou yo.

Apri Tès la

Lè tès la fini, sipèvizè ou pral di:

🔊) Mete Biyè Admisyon ou sou biwo a yon mwen ka wè li. Kounye a mwen pral pase pran feyè repons ak materyèl tès ou yo. Tanpri chita, epi pa pale, jiskaske mwen di pou ou kite sal la.

Sonje piga ou janmen, nan okenn sikonstans, soti nan sal tès la ak okenn kesyon tès, bay nenpòt moun yo, oswa diskite yo ak nenpòt moun nan nenpòt fason, tankou imèl, mesaj tèks, oswa entènèt.

Si w ap pran SAT a ak Redaksyon, sipèvizè ou pral di:

🔊) An plis, ou pa gen dwa diskite oswa pataje kesyon redaksyon jodiya a pèsòn jiskaske redaksyon an disponib ou entènèt.

Après sipèvizè ou pral di:

🔊) Administrasyon tès sa a fini kounye a. Ou kapab sanble bagay ou yo epi kite sal la san ou pa fè bri. Tanpri sonje gen kapab gen lòt elèv ki toujou ap pran tès nan lòt sal yo. Mèsi pou koperasyon ou.